yomballeen te buleen jafeel, bégleleen te buleen dàqaate

Jële na ñu ci Anas Ibn Maalik -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «yomballeen te buleen jafeel, bégleleen te buleen dàqaate».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-day digle ñu woyofalal nit ñi te bañ a jafeel ci séen kaw ci mbooleem biri diine ji, ak yu àdduna yi, loolu nag day yam fa Yàlla daganal te yoonal ko. Day ñaaxe ba tay ci bégle ciw yiw, ak bañ a dàqaate.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5866